



## Tyèklis pou Enskripsyon pou Paran/Responsab

### Elèv ki nouvo nan Rejyon Palm Beach

- ✓ Fòm Enskripsyon ki ranpli (PBSD 0636)
- ✓ \*Prèv adrès
- ✓ Enfòmasyon sou vaksen
- ✓ Enfòmasyon sou egzamen fizik
- ✓ Prèv dat nesans (batistè, paspò, enfòmasyon relijye)
- ✓ Dokiman adisyonèl ki itil, enfòmasyon sou lekòl li te ye avan

### Elèv transfere ki te deja nan Sistèm Lekòl Rejyon Palm Beach la

- ✓ Fòm Enskripsyon ki ranpli (PBSD 0636)
- ✓ \* Prèv adrès

### **\*Prèv Adrès**

Lè yon elèv fèk ap enskri nan yon lekòl, elèv la oswa paran l dwe prezante ak **de (2) dokiman valab** ki montre bonjan adrès ri kote l rete. Adrès bwat postal, bwat postal prive oswa adrès biznis pa sifizan. Men kèk egzanp dokiman ki gen adrès ki akseptab (Dapre Règleman 5.011 Konsèy Egzekitif Lekòl yo) :

- bòdwo pou telefòn kay oswa telefòn pòtab;
- bòdwo pou kouran;
- resi lwaye ki gen non lokatè ak pwopriyetè, ak enfòmasyon pou kontakte tout pati yo;
- kontra fèmaj ki gen non lokatè ak pwopriyetè, ak enfòmasyon pou kontakte tout pati yo (valab sèlman jiska dat ekspirasyon ki endike nan kontra a. Apre dat ekspirasyon an, paran yo dwe voye kopi yon nouvo kontra oswa youn ki renouvle bay biwo lekòl la.);
- kontra kay;
- kontra acha mezon ki gen dat espesifik tranzaksyon final pou resevwa kle, avèk yon kopi nòt la k ap vini nan entèval 30 jou apre dat siyati final nan tranzaksyon an;
- lisans chofè Eta Florid;
- kat idantifikasyon Eta Florid;
- asirans machin;
- deklarasyon kat kredi;
- konfimasyon chanjman adrès nan Sèvis Postal Etazini;
- prèv korespondans, enkli yon tenb, adrès, anvlòp date alavans sou adrès kay la; oswa
- Fòm Deklarasyon Lojman (Declaration of Domicile) ki soti nan Depatman Dosye (County Records Department) Rejyon an.

**Si w pa genyen de fòm prèv rezidans oswa nan tout lòt sikonstans, tanpri, kontakte administrasyon lekòl la.**